



Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU RANFÒSE LWA NASYONAL SOU ALÈT WOUJ NEW YORK YO

Legislasyon (S. 3436/A. 5835) egzante aplikasyon pou yon ERPO pa egzije frè pou nimewo endis

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S. 3436/A. 5835) pou egzante aplikasyon pou yon Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Order, ERPO) yo pa egzije yon frè pou nimewo endis. Lejislasyon sa a, ke yo rele tou Lwa sou Alèt Wouj, pral ranfòse lwa sou Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm Eta New York la, ki anpeche moun ki montre siy yon menas pou tèt yo ak pou lòt moun achte oswa posede nenpòt kalite zam afe. Lwa sou alèt wouj la bay tout garanti pwosedi pou asire ke yo pa retire okenn zam san pwosedi regilye pandan y ap ede prevni trajedi, tankou fiziyad nan lekòl Parkland Florida a, ak fiziyad rasis an mas nan Buffalo a. Depi nouvo lejislasyon an te adopte nan mwa jen 2022, kantite Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm yo te ogmante dis fwa. Nouyòkè yo ka jwenn plis enfòmasyon sou Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm yo [isit la](#) epi lè yo ale sou [tablodò](#) Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm lan.

"Lwa sou Alèt Wouj jwe yon wòl enpòtan nan kenbe kominote nou yo an sekirite lè yo pèmèt moun ki konsène yo ogmante sansibilizasyon sou menas potansyèl yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwosè lejislasyon sa a pral asire plis aksesibilite avèk yon pwosesis ki pi senp pou Nouyòkè yo pran mezi pwoaktif nan anpeche domaj ak ankouraje sekirite piblik".

Lejislasyon (S. 3436/A. 5835) egzante aplikasyon pou yon òdonans pwoteksyon kont risk ekstrèm pa egzije frè pou nimewo endis. Lè nou elimine frè sa a, lejislasyon ki adopte a pral asire ke pa gen okenn baryè finansye pou Nouyòkè yo kenbe kominote yo an sekirite.

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Nan elimine frè initil, difisil ki asosye ak aplikasyon Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm yo, lejislasyon sa a pi byen pèmèt lidè kominote yo pran aksyon prevantif epi asire yo kenbe zam afe lwen men moun danjere yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li bay sekirite Nouyòkè yo priyorite lè li siyen pwojè lwa sa a".

Manm Asanble Charles Lavine te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye amelyore sistèm sa a ki sove lavi epi asire ke nan 22 jiridiksyon ki gen Lwa sou Alèt Wouj yo, lwa New York rete pami sa ki pi solid nan nasyon an. Mwen te ekri premye Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm sa gen plizyè ane apre yon konvèsasyon ki long ak Mark Barden, ke yo te touye pitit gason l Daniel, 7 an, nan masak Sandy Hook la. Mwen sipòte lwa sa a nan Asanble a paske mwen pa pare pou sakrifye lavi timoun nou yo ak fanmi nou yo nan vag vyolans ak zam san sans yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)